jumıstı alıp barıw orınlı. Sonıń menen birge Watanımızdıń jańalanıw dáwirinde, gúllep rawajlanıwında hárbir insannıń aqılıy qábileti, sanasında átirap ortalıqtı sáwlelendiriwi, pikir-lewi, dúnyanı biliwi, qábiletin ósiriw, bir sóz benen aytqanda intellektuallıq potencialın joqarılatıw menen jaslar tárbiyasında Jańa Ózbekstan qurı-lısında olardıń barlıq tarawlardaǵı belsendilgi asırıladı.

**Ádebiyatlar**


1. Sh.Mirziyoyev. "Buyuk kelajagimizni mard va oliyjanob xalqimiz bilan birga quramiz" Toshkent. "O'zbekiston" 2017 yil.
2. Мирзиёев Ш.М. Янги Ўзбекистон стратегияси. Тошкент. "O'zbekiston". 2021 yil.
3. SayfullaevB.S., RustamovV.K. "Madaniy tadbirlarni tashkil etish mahorati" T.: 2016.
4. B.S. Sayfullaev tahriri ostida "Madaniyat va san'at atamalarining izohli luwg'ati" – Toshkent G'afur G'ulom. 2015 yil.
5. Azamat Haydarov. Madaniyat va san'at sohasini boshqarish asoslari. G'.G'ulom nomidagi nashiriyot-matbaa ijodiy uyi. Toshkent. 2016.



**REZYUME.** Maqolada bugungi kunda yagona tarbiyaviy maskan hisoblangan madaniyat markazlarnda yoshlarning bohs vaqtini mazmunli tashkil etish masalalari haqida fikr yuritiladi. Yoshlar tarbiyasina ijobiy ta'sir ko'rsatish uchun bo'sh vaqtlarini to'g'ri tashkil etishda madaniyat markazlaridagi to'g'rak faoliyatida yangi pedagogik uslublardan foydalanish, shuningdek, havoskorlikni rivojlantirishga erishish masalalarga to'qtalib o'tilgan. Eng muhimi madaniyat markazidagi to'garak faoliyatinin'g tarbiyaviy jarayoni nazariy tushunchalar bilan asoslanib berilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматриваются вопросы содержательной организации досуга молодежи в культурных центрах, которые сегодня являются единственными образовательными центрами. Были затронуты вопросы использования новых педагогических приемов в деятельности культурных центров при правильной организации досуга молодежи для оказания положительного влияния на воспитание молодежи, а также вопросы развития самодеятельности. Прежде всего, учебно-воспитательный процесс деятельности кружка в культурном центре обоснован теоретическими концепциями.

**SUMMARY.** The article deals with issues of meaningful organization of youth leisure time in cultural centers, which today are unified educational centers. The issues of using of new pedagogical methods in the activities of cultural centers, as well as the development of amateur activities in the proper organization of youth leisure in order to have a positive impact on the education of young people were touched upon. Firstly, the educational process of the activity of the circle in the cultural center is justified by theoretical concepts.


## MÁLIMLEME-KITAPXANA MÁKEMELERINDE BIBLIOGRAFIYALÍQ XÍZMET KÓRSETIW


**D.A.Sharipova** – *oqıtıwshı*

*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*



**Tayanch so'zlar:** axborot-kutubxona, qaror, bibliografiya, axborot, kommunikaciya, hujjat.

**Ключевые слова:** информационная библиотека, постоновление, библиография, информация, коммуникация, документ.

**Key words:** information-library, decision, bibliography, information, communication, document.


Jańa Ózbekstanda kitapxana málimleme xızmetin kórsetiw, xalqımızdıń ruwxıy potencialın ele de joqarılatıw taraw qánigeleri aldında turǵan aktual máselelerden biri esaplanadı. Ilim, bilimlendırıw hám hár qanday mámlekettiń sociallıq-ekonomikalıq rawajlanıwınıń tiykarǵı shártleriniń biri-bul túrli tarawlar boyınsha kerekli málimlemelerdi heshqanday irkinishsiz, tezlik penen iye bolıwına baylanıslı. Usı maqsetke erisiw ushın kópshilik kitapxanalar jumısında jańa málimleme texnologiyaların qollanıw úlken áhmietke iye boladı.

Ásirese, kitapxanalıq processleri: málimlemelerdi toplaw, islew beriw, saqlaw, izlew hám paydalanıwshılarǵa jetkerip beriw proceslerine zamanagóy telekommunikaciya kanalları járdeminde elektron texnologiyalardı qollanıw úlken nátiyjeler beriwi múmkin. Ózbekstan Res-

publikası Prezidentınıń 2019-jıl 7-iyundegi «Ózbekstan Respublikası xalqına málimleme kitapxana xızmetin kórsetiwdi bunnan bılay da jetilistiriw haqqında»ǵı qararı Ózbekstan málimleme kitapxana sistemasınıń rawajlanıw strategiyasın belgilep berdi.

«Respublikada sociallıq-ekonomikalıq tarawdı reformalawdıń házirgi sharayatında málimleme kitapxana jumısın rawajlandırıwdıń maqset hám wazıypaları elimizde ámelge asırılıp atırǵan ózgerislerge hám xalıqaralıq ameliyatqa say bolıwı zárúr». Usı múnásibet penen puqaralardıń málimlemeden erkin paydalanıwı boyınsha Konstituciyalıq huqıqların, sonıń ishinde, milliy qádiriyatlar hám jáhan mádeniyatı, ámeliy hám fundamental bilimlerden xabardar bolıwın támiyinleytuǵın xalıqqa málimleme kitapxana xızmetlerin kórsetiwdiń sapası jaǵınan jańa sistemasın jaratıw, kitapxanalarda saqlanıp atırǵan milliy mádeniy miyrastı qásterlep saqlaw hám bayıtıw, málimleme kommunikaciya texnologiyaların keńnen engiziwdiń esabınan málimleme kitapxana mákemeleriniń jumısın jetilistiriw áhmiyetli wazıypaǵa aylanbaqta.

Prezidentimiz Shavkat Mirziyoyev tárepinen alıp barılıp atırǵan mámleketlik siyasatında ruwxıylıq máselesine eń áhmiyetli hám baslı baǵdar sıpatında úlken áhmiyet berip kelinbekte.

Jaslardıń tálim-tárbiyası ushın qosımsha sharayatlar jaratıwǵa qaratılǵan kompleks ilajlardı óz ishine alǵan Ózbekstan Respublikası Prezidenti tárepinen ilgeri súrilgen 5 áhmiyetli baslamanıń tórtinshisi jaslar ruwxıylıǵın joqarılatıw, olar arasında kitapqumarlıqtı keńnen úgit-násiyatlaw boyınsha sistemalı islerdi shólkemlestiriw belgilengen. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2022-jıl 28-yanvardaǵı PP-60-sanlı Pármanı menen tasıyıqlanǵan «2022-2026-jıllarǵa mólsherlengen Jańa Ózbekstannıń rawajlanıw strategiyasınıń «Insan qádirin ulıǵlaw hám belsendi máhálle jılında ámelge asırılıwına tiyisli Mámleketlik baǵdarlaması»nıń maqseti xalıqqa málimleme kitapxana xızmetin kórsetiwdi jáne de rawajlandırıw, kitapqumarlıqtı keńnen en jaydırıw jáne «Kitap súyer millet» ulıwma milliy ideyasın ámelge asırıwǵa qaratılǵan. Sonıń menen birge, Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń «2020-2025-jılları kitapqumarlıq mádeniyatın rawajlandırıw hám qollap-quwatlaw milliy baǵdarlamasın tastıyıqlaw haqqında» 2020-jılı 14-dekabrdegi 781-sanlı qararına tiykarlanıp 2021-jıldan baslap hár jılı aprel ayında mámleketimzde «Kitapqumarlıq hápteligi» ótkeriliwi belgilengen. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń «Kitap ónimlerin baspa etiw hám tarqatıw sistemasın rawajlandırıw, kitap oqıw hám kıtapqumarlıq mádeniyatın asırıw hám de úgit-násiyatlaw boyınsha kompleks ilajlar baǵdarlaması tuwrısında» ǵı 2017-jıl 13-sentyabrdegi PQ-3271-sanlı Qararı xalqımızdıń ruwxiy dúnyasın bayıtıw, kıtapqumarlıq mádeniyatınıń jámiyet turmısındaǵı ornı hám rolin jańa basqıshqa kóteriwge qaratılǵan hújjet ekenligi menen áhmiyetli. Qararda taraw aldında turǵan másele hám mashqalalar, áhmiyetli wazıypalar bar ekenligi hám olardı keń kólemde sheshiw zárúrligi ashıq-aydın belgilep berildi. Ásirese, xalqımız, eń dáslep, jaslardıń ruwxiy-bilimlendiriw, kórkem-estetikalıq talaplarına say keletuǵın kitaplardı basıp shıǵarıw, orınlarǵa, tálim mákemelerine waqtında hám kelisilgen bahalarda jetkeriw, milliy hám jáhán ádebiyatınıń eń jaqsı úlgilerin awdarmalaw, olardı sociallıq tarmaqlarda úgit-násiyatlaw, perzentlerdi balalıǵınan baslap ádebiyatqa qızıqtırıwǵa ayrıqsha itibar qaratılǵan. Keleshegimiz bolǵan jas áwladtı hár tárepleme kámil insan sıpatında qáliplestiriw, tálim-tárbiya beriwde, jaslardıń qálbine tuwrı jol tabıw, olardıń ilim-pán, dóretiwshilik hám de jaratıwshılıqqa baǵdarlay biliw tiykarǵı wazıypalardan biri bolıp esaplanadı.

Kitapxanalar jumısınıń úlken bólimin bibliografiya jumısı dúzedi. Jumıstıń kólemi, onıń dúziliwi, bibliografiyalıq xızmet formalarına qaray olar bir-birinen parıq qıladı. Bul kitapxanalarda kitap fondı mazmunın ashıp beriw, onnan kitap oqıwshılarınıń belsendi paydalanıwın támiyinlew ushın hár qıylı bibliografiyalıq qurallar járdeminde maǵlıwmat bibliografiya xızmetin dúziwden ibarat. Bul maǵlıwmat-bibliografiya apparatın dúziw hám maǵlıwmat bibliografiya xızmetin shólkemlestiriw menen ámelge asırıladı. Maǵlıwmat bibliografiya xızmeti hár qıylı kitap oqıwshı sorawların orınlaw, olarǵa imkaniyatı barınsha keń maǵlıwmatlar beriw.

Bibliografiyalıq málimleme beriw kitap oqıwshılarınıń turaqlı sorawları hám kúndelikli talapların orınlaw ushın turaqlı jumıs alıp barıw, usınıw, bibliografiyalıq xızmet kórsetiw, málimleme hám kompyuter mádeniyatın qáliplestiriw, bibliografiyalıq bilimlerdi úgit-násiyatlawdan ibarat. Bibliografiyalıq jumıstı dúziwdiń tiykarı kitapxana fondı hám maǵlıwmat-bibliografiya apparatı. Bibliografiya jumısınıń wazıypaları kitap oqıwshılardıń óz betinshe oqıwına tásir etiw. Bul wazıypanı ámelge asırıw hár qıylı bib-liografiyalıq qurallar, kartotekalar, bibliografiyalıq qollanbalar, usınıw xarakterindegi kórsetkishler járdeminde kitap oqıwshılar oqıwın basqarıw, shólkemlestiriw menen ámelge asırıladı, kitap oqıwshıların málimleme álemine alıp kiredi, óz betinshe onnan paydalanıw kónlikpesin tár-biyalaydı, eń jaqsı hám zárúr hújjetlerdi tańlap alıwǵa járdem beredi,

ondağı bilimdi durıs hám anıq qabıl etiwge bağdarlaydı, kitap oqıwshısın da málimleme mádeniyatına tárbiyalaydı.

Mámlekettiń social-ekonomikalıq rawajlanıwına járdem beredi. Bibliografiya járdeminde qánige zárúr ádebiyatlardı izlep tabadı, tańlaydı onıń menen isleydi, eń tiykarğısı ádebiyat tańlawda qıyınshılıqqa ushıramaydı. «Málimlemelestiriw málimleme resurslarına tezlik penen kirip barıwdı támiyinlewge bağdarlanğan ilajlar kompleksi. Kitapxanalar tájiriybesinde bul pútkil kitapxanashılıq hám bibliografiya jumısı proceslerin avtomatlastırıw hám zamanagóy texnologiyalar tiykarında málimleme orayların dúziwden ibarat».

Barlıq kitapxanalar házirgi kúnde bárkamal áwlad tárbiyasında áhmiyetli orın tutqanlığı sebepli de jumıstıń barlıq tárеplerin óz waqtında hám tez pát penen hár qıylı málimlemeler áleminen hárbir paydalanıwshı ushın zárúrin tawıp beriw maqsetinde málimleme bibliografiya jumısın tolıq shólkemlestiriwleri lazım. Insanlarda málimleme álemine, túrli tarawğa, máselege hám mashqalalarğa tiyisli qızığıwshılıqlar artıp barmaqta.

Bunday qızığıwshılıqlarğa hám umtılıwshılıqlarğa qorshağan ortalıq, mámleket ishinde hám sırtında júz berip artırğan waqıya, hádiyseler, mámlekettiń jámiyetlik, ekonomikalıq awhalı, wazıypaları hám maqseti, shańaraq, miynet jolı, jańa oylap tabılıwlar hám jańalıqlar, ğalaba xabar quralları arqalı tarqalıp atırğan xabarlar tásir etedi.

Mağlıwmat bibliografiya xızmeti málimleme talap etiwshileriniń túrli sorawlarına sáykes bibliografiyalıq xızmet kórsetedi. Mağlıwmatlar sorawlardıń túrine qarap túrlenedi, olardıń xarakterine say boladı, málimleme xarakterine qaray bibliografiyalıq, faktografiyalıq, túrine qaray awızeki hám jazba boladı. Kompyuterler menen támiyinlengen kitapxanada bunday dizimler tayar túrde basıp beriledi. Máselen IRBIS sisteması tiykarında elektron katalog dúzilgende, usı tiykarda kitap oqıwshılardıń tematikalı yaki faktografiyalıq sorawlarına mağlıwmat júdá tezlik penen giltli sózler járdeminde izlenedi hám óz aldına betlerde basıp beriledi. Mağlıwmat bibliografiya xızmetiniń mazmunın kitap oqıwshı talabı yaki sorawı, málimlemeni izlew, bibliograftıń juwabı dúzedi. Bibliografiyalıq iziew bibliografiyalıq jumıstıń tiykarın dúzedi. Sorawlardı orınlaw tezligi hám sapası bibliograftıń kásiplik bilim dárejesine, kitap oqıwshı menen múnásibette bola alıw qábiletine, mağlıwmat-bibliografiya xızmetiniń sapasına, bibliograftıń zamanagóy málimleme texnologiyaları menen erkin isley alıwına baylanıslı. Bulardıń barlığı ózine tán bağdarlamanı (algoritmdi) dúzedi. Bul bağdarlama tómendegi basqıshlardan ibarat:

1. Málimlemeni izlewge tayarlıq kóriw-sorawdı qabıl etiw, esapqa alıw, talqılaw, temanı hám maqsetti anıq payda etiw, kitap oqıwshınıń onı qızıqtırğan másele boyınsha xabardarlığın úyreniw, sol waqıtqa shekem tema boyınsha bilgen mağlıwmatları, sorawdıń áhmiyetligin anıqlaw.

2. Izlew deregin modellestiriw soraw mazmunına say dereklerdi anıqlaw

3. Izlewdıń anıq jolın tańlaw derekler arasınan eń zárúrin hám sorawğa sáykesin ajıratıp alıw.

4. Izlew bağdarlamasın ámelge asırıw sorawğa juwap beriwshi málimlemeni alıw, eger mağlıwmat jazba túrde talap etiletuğın bolsa, onı tayarlaw. Quramalı temadağı mağlıwmatlar nusqası saqlap qoyıladı.

Málimleme kitapxana tarawı paydalanıwshılarına xızmet kórsetiwde jańa texnologiya xızmetlerininiń kirip keliwi, oğan juwap retinde jańa xızmetlerdiń engiziliwi qánigelerimiz aldına bir qatar aktual wazıypalardı qoyadı. Elektron kórinistegi informaciyalardı jaratıw, saqlaw, izlew hám olardı paydalanıwshılarğa jetkerip beriw kúnnen-kúnge quramalasıp barmaqta. Zamanagóy kitapxanalar baspa hújjetlerdi saqlaytuğın passiv qoymalardan, aktiv isleytuğın avtomatlastırılğan málimleme kitapxana mákemelerine, elektron kitapxanalarğa, hújjetlerdi elektron poshta, global telekommunikaciya hám Internet arqalı jetkerip beriwshi hám qabıl etiwshi oraylarğa aylanbaqta. Kitapxana texnologiyaların korporativ tiykarda ámelge asırıw jolğa qoyılmaqta. Elektron kóriniste jaratılğan sabaqlıqlar, oqıw qollanbaları, lekciya tekstleri hám multimedia qurallarınkataloglastırıw zárúrligi tuwılğan. Jaratılğan elektron kitapxanalar ushın elektron katalog jaratıw mashqalası elektron katalog bazasına kirgizilip atırğan metamağlıwmatlar quramın hám formatın anıqlaw aktual wazıypalar qatarında turıptı.

Búgingi kúnde mámleketimizdiń barlıq tarawlarında ámelge asırılıp atırğan islerde kitapxanashılıq tarawında da túp burılıslardı ámelge asırılıp atırğanınıń ğúwası bolıp turıppız. Atap aytsaq, informaciya ásirinde málimleme siyasatı mádeniy siyasattıń túp tiykarına aylandı. Mámleketimizdiń jáhán málimleme sisteması menen birgelikte tolıq támiyinlengen bir waqıtta keshegi kitapxana emes, bálkim búgingi málimleme kommunikaciya texnologiyaları menen támiyinlengen málimleme kitapxana mákemeleriniń shólkemlestiriliwin turmıstıń ózi kórsetip turıptı. Bul turmıs talabın hám zárúrligin qanaatlandırıw hám de onı jáhán texnika inventarları menen támiyinlew dárejesine kóteriw maqsetinde xalıqtı málimleme kitapxana menen támiyinlewdi shólkemlestiriw haqqında, kitap-

xanashılıq tarawı boyınsha bir qatar huqıqıy hújjetler qabıl etildi.

Kitapxanalardıń fondların túpten jaqsılaw, olardı málimleme kommunikaciya texnologiyaları menen támiyinlew, ishki hám sırtqı elektron resurslardan paydalanıwdıń qolaylı sistemasın jaratıw hám de onı juwapkershilikli ámelge asırıwdı jolǵa qoyıwdı, zamanǵa say formaların islep shıǵıw dáwir talabına aylanıp barmaqta. Qabıl etilgen qararlarda usı talaplardı ámelge asırıw menen birge jańa túrdegi málimleme kitapxanalardıń jergilikli hám xalıqaralıq málimleme sistemalarına jalǵanıwı, milliy málimleme resursları elektron maǵlıwmatlar fondına iye bolıwı hám elektron kitapxanalardı rawajlandırıp barıwshı zamanǵa say oraylarǵa aylandırıw názerde tutılǵan.

Qararlardıń tiykarǵı názerde tutılǵan wazıypalarınıń biri zamanagóy málimleme kitapxanalarda xalıqtıń keń qatlamlarına múnásip bolǵan, paydalanıwshılar ózleriniń ruwxiy, siyasiy, ilimiy, oqıw, qánigelik, texnika, kórkem ónerge bolǵan bilimlerin arttırıwdı, oqıp úyreniwdi, bunda málimleme dereklerinen tez paydalanıwshıǵa málimleme kommunikaciya texnologiyaları imkaniyatlarınan óz turmıs sharayatına engiziwi ushın barlıq sharayatlardıń jaratılıwı xalıqtıń mápleri hár tárepleme kórsetilip ótilgen. Málimleme kitapxana mákemeleriniń óz aldına qoyǵan maqset hám wazıypaların orınlaw basqıshları bir-biri menen baylanıslı bolǵan jaǵdayda dawam etedi. Usı orında bir máselege anıqlıq keltirip ótiwge tuwra keledi. Búgingi kitapxanalar avtomatlasıp, elektronlasıp barar eken, bul basqısh aldıńǵı kitapxana xızmetin joqqa shıǵarmaydı, kerisinshe bir-birin tolıqtıradı. Jaratılǵan jańa kitapxana sisteması kitapxanlardıń kitapxanadan paydalanıwında keńirek imkaniyat jaratadı, waqıttan, aralıqtan tejew ushın xızmet etedi. Bir sóz benen aytqanda qolaylıq jaratadı.

Jámiyetimizdiń rawajlanıwı, keleshegi aweli bilimli jaslardıń búgingi kúnde alıp atırǵan bilim dárejesine baylanıslı. Túrli tarawdıń qánigelerin tayarlawda kitap jáne onıń jardeminde alınıp atırǵan bilim zárúrli áhmiyetke iye.

Kitapxana málimleme iskerliginiń rawajlanıwına tásir kórsetilgen taǵı bir faktor bul hárbir mámleket mádeniyatınıń rawajlanǵanlıǵı, xalıqtıń ruwxiy talapları dárejesi bolıp tabıladı.

Xalıqtıń mádeniyatı, ruwxıy sanası joqarı bolsa, kitapxanashılıq jumısı da intensiv túrde rawajlanadı. Usınıń menen birge kitapxana málimleme iskerliginiń rawajlanıwı sol mámleket puqaralarınıń materiallıq ruwxiy hám intellektual rawajlanıwına tikkeley tásir kórsetedi.

Kitapxana málimleme iskerliginiń rawajlanıwında jámiyetshiliktiń aktivligi onıń rawajlanıwınıń zárúr shártlerinen biri bolıp tabıladı. Sebebi, kitapxana kitapxana málimleme iskerliginde ámelge asırıp atırǵan barlıq jumıslardıń sońǵı nátiyjesi, jámiyet aǵzalarınıń kitap hám málimlemege bolǵan talapların qanaatlandırıwdan ibarat bolıp esaplanadı.

Jámiyet aǵzalarınıń aktivligi, kitapxana málimleme iskerliginiń zaman talaplarına say shólkemlestiriliwine alıp keledi.

Mámleketimizde ruwxiy bilimlendiriw iskerligin sistemalı shólkemlestiriw, usı baǵdarda ámelge asırılıp atırǵan ilajlardıń nátiyjeliligin arttırıw, xalıqtıń, ásirese jaslardıń intellektual bilimin, sanasın, oy-pikirin hám dúnya qarasın joqarılatıw, ideologiyalıq immunitetti bekkemlew, milletleraralıq awızbirshilik hám óz-ara húrmetti bekkemlew, watansúyiwshilik, xalıqqa muhabbat hám sadıqlıq sezimi menen jasaytuǵın áwladtı áwladtı tárbiyalawǵa ayrıqsha itibar qaratılmaqta. Usı proceslerde mádeniy bilimlendiriw institutı sıpatında málimleme kitapxana mákemeleriniń ornına ayrıqsha áhmiyet berilip atırǵanlıǵı Jańa Ózbekstannıń ajıralıp turıwshı ózgesheliklerinen biri bolıp esaplanadı.

## Ádebiyatlar


1. 2019-2024-jılları Ózbekstan Respublikası málimleme kitapxana salasın rawajlandırıw Koncepciyası . 2019-jıl, 7-iyun.
2. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń «Kitap ónimlerin baspa etiw hám tarqatıw sistemasın rawajlandırıw, kitap oqıwı hám kitapqumarlıq mádeniyatın asırıw hám de úgit-násiyatlaw boyınsha kompleks ilajlar dástúrı haqqında»ǵı PQ-№3271 Qararı.
3. Bibliografiya: Umumiy bibliografiya: O‘quv qo‘ll. / Z.Berdiyeva, H.Mamatraimova, T.Zokirova. – Toshkent: O‘qituvchi, NMIU, 2017- 208 b.
4. Mamatraimova X. Bibliografiya tarixi: o‘quv qo‘ll.- T.,2008.- 80 bet.

**REZYUME.** Maqolada axborot-kutubxona muassasalarining ma’lumot – bibliografiya xizmatini tashkil etish masalalari haqida fikr yuritiladi. Axborot-kutubxonalar bo‘yicha Respublikamız miqiyosida amalga oshirilayotgan islohatlar ushbu jarayonlarning mohiyati ahamiyati, istiqbolları va rivojlanish bosqichlariga to‘xtalib o‘tilgan. O‘zbekistonning yangicha fikrlariga ega bo‘lgan yoshlarning, shu jumladan zamonaviy bilimli yoshlarni tarbiyalash, komil insonni shakllantirishda kutubxonalarning tarbiyaviy ahamiyati masalalari asoslanib berilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматриваются вопросы организации справочно – библиографического обслуживания информационно-библиотечных учреждений. Реформы, реализуемые в масштабах нашей республики в сфере информационные-библиотеки, затронули содержательную значимость, перспективы и этапы развития этих процессов. В основу воспитания новых идей молодежи в Узбекистане, в том числе современной образованной молодежи, легли вопросы образовательного значения библиотек в совершенствовании совершенного человека.

**SUMMARY.** The article discusses the issues of organizing of information-bibliography service of reference-library institutions. The reforms that are being implemented on the scale of our Republic regarding reference-libraries have been touched on the content-importance, perspectives and stages of developing of these processes. The issue of educational importance of libraries in the improvement of a perfect person is based on the education of young people with new ideas in Uzbekistan, including modern educated young people.

***JÁMIYETLIK-GUMANITAR PÁNLER***

# ЖАСЛАРЫМЫЗ - ХАЛҚЫМЫЗДЫҢ ИСЕНИМИ ҲӘМ ТАЯНЫШЫ

**Н.Ансатбаев –** *профессор*
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдения институты*
*Нөкис филиалы*

**Таяныш сөзлер:** технология, пән, илим, идеология, индивидуализм, эгоцентризм, процесс, ис-ҳәрекет.

**Ключевые слова:** технология, наука, идеология, индивидуализм, эгоцентризм, процесс, действие.

**Key words:** technology, science, ideology, individualism, egocentrism, process, action.

Биз XXI әсирде техникалық прогресс, хабар технологиялары, дүнья халықларының турмысы тезлик пенен өсип атырған глобалласыў дәўиринде жасап атырмыз. Бирде бир жәмийет руўхый имканиятларын, адамлар санасында руўхый ҳәм турмыслық қәдириятларын раўажландырмай ҳәм беккемлемей турып өз келешегин көз алдына келтире алмайды.

Өзбекстан өз ғәрезсизлигин қолға киргизген дәслепки күннен баслап жәмийетимиздиң ҳәмме тараўлары қатары руўхый-идеологиялық өзгерислер өмиримизде жүз берип атыр.

Ўатан ата-бабаларымыздың муқаддес қәбири орын алған, ўақты сааты келип, бәримиз бас қоятуғын теберик топырақ, ол ата-бабаларымыздың әўладларға қалдырған уллы бийбаҳа мийрасы, ең әзиз естелиги. Ўатанның келешеги дәслеп оның перзентлериниң кәмалына байланыслы. Әлбетте, ғәрезсизлик жылларында бәркамал әўладты тәрбиялап кәлип-лестириў жолында бир қанша жақсы нийетлер ҳәм әмелге асырылып атыр.

Өзбекстан Республикасы ғәрезсизлигиниң тийкарын салған данышпан жолбасшы, биринши Президентимиз И.А.Каримов «Өзиниң келешегин көрмекши ҳәм қурмақшы болған ҳәр қандай мәмлекет ямаса жәмийет әлбетте өз миллий идеясына сүйениўи ҳәм талпыныўы зәрүр»-деп айрықша атап көрсеткен еди.

Бизиң миллий идеямыздың баслы бағдары бабалар мийрасын қәстерлеп келешек әўладларға жеткериў, миллетлераралық татыўлықты сақлаў, тынышлықты сақлаў ҳәм жарқын келешек ушын хызмет етиў. Миллий идеяда жәмленген уллы мақсетлерде жүзеге шығарыў ең дәслеп жәмийетимиз ҳәм усы жәмийет ағзасы болған ҳәр бир инсанның руўхый дүньясы ҳәм көзқарасындағы унамлы өзгерислер менен тиккелей байланыслы екенлигин умытпаўымыз зәрүр.

Өсип киятырған жас әўладқа, оның руўхый тәрбиясына оғада үлкен жуўапкершилик пенен қатнас жасаў ең тийкарғы ўазыйпалардың бири. Себеби, жасларымыз халық руўхый дүньясының ең мүнәсип ийелери. Бүгинги күни жас-